



Òganizasyon Planifikasyon Transpò Sid Jersey

*Ap desèvi konte Atlantic, Cape May, Cumberland,
ak Salem depi 1993.*

Leonard Desiderio, *Prezidan*

Benjamin H. Laury, *Vis Prezidan*

817 East Landis Avenue, 2nd Floor
Vineland, New Jersey 08360

www.sjtpo.org
(856) 794-1941
(856) 794-2549 (fax)

Jennifer Marandino, P.E.
Executive Director

John W. Riskey, *Sekretè/Trezorye*

Pwosedì Plent Tit VI

Objektif

Pwosedì Plent Tit VI SJTPO a presize pwosesis SJTPO itilize pou mennen ankèt sou plent yo tout pandan l ap asire yon pwosesis legal pou Plenyen yo ak moun ki reponn yo. Pwosedì a pa anpeche SJTPO eseye rezoud plent yo enfòmèlman. Pwosedì sa a aplike pou tout plent ekstèn ki gen rapò ak nenpòt pwogram oswa aktivite SJTPO ak/oswa moun ki soubenefisyè li yo, konsiltan li yo ak kontraktè li yo administre, ki depoze anba Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la (ki gen ladan konpozan DBE ak Egalite Opòtinite nan Anplwa li yo), ansanm ak lòt lwa ki gen rapò ki entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, andikap, sèks, laj oswa orijin nasyonal. Lòt lwa yo enkli, men yo pa limite a, Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon 1973 la, Lwa sou Retablisman Dwa Sivil 1987 la, ak ADA 1990 la. Pwosedì sa yo fè pati yon pwosesis administratif ki pa prevwa reparasyon, tankou domaj pinitif oswa peman konpansatwa, pou Plenyen an. Entimidasyon oswa reprezay nenpòt kalite entèdi pa lalwa.

Prosesis

Tout moun, oswa reprezantan li, ki kwè li te sibi diskriminasyon oswa reprezay ki entèdi anba Tit VI ak lòt dispozisyon kont diskriminasyon gen dwa depoze yon plent. Plent yo dwe depoze nan yon delè 180 jou kalandriye apati dat ensidan an swadizan fèt, depi lè diskriminasyon an vin konnen pa moun k ap pote plent lan, oswa si gen yon konduit ki kontinye, apati dat konduit la sispann oswa dènye fwa li te rive.

Plent yo dwe fèt alekri epi siyen pa moun k ap pote plent lan oswa reprezantan li. Si yo resevwa yon plent pa telefòn oswa an pèsòn, yon anplwaye SJTPO oswa yon lòt reprezantan otorize ap fè yon entèvyou fòmèl pou etabli baz plent alekri a. Si sa nesèsè, yon moun otorize ap ede moun nan ekri plent la. Fòm plent lan disponib nan lòt lang oswa fòma sou demann. Tanpri rele (856) 794-1941 pou plis enfòmasyon.

An jeneral, plent alekri a dwe genyen enfòmasyon sa yo :

- non, adrès, nimewo telefòn, ak imèl moun ki pote plent lan;
- baz plent lan (paregzanp, ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, andikap, reprezay);
- dat pretandi diskriminasyon an te fèt; ak ajans oswa ajans kote diskriminasyon an te fèt;
- non ak pozisyon moun(yo) ki te fè diskriminasyon kont moun ki pote plent lan;
- yon deskripsyon detaye sou sikonstans ensidan an ki te fè moun ki pote plent lan kwè te gen diskriminasyon;
- non, adrès, ak nimewo telefòn moun ki ka gen konesans sou pretandi ensidan an oswa yo wè kòm pati nan plent lan.

Amezi ankèt la ap pwogrese, yo ka mande plis enfòmasyon. Menmsi pwosesis sa a pa anpeche SJTPO eseye rezoud plent yo de fason enfòmèl, desizyon pou fè sa toujou depann de moun k ap pote plent lan, ki ka retire tèt li nan pwosesis enfòmèl la nenpòt ki lè.

Si yo depoze yon plent kont SJTPO, òganizasyon an ap enfòmè moun k ap pote plent lan pou konfime li resevwa plent lan epi li ap voye plent lan san pèdi tan bay ajans leta oswa federal ki apwopriye (paregzanp, Administrasyon Federal Otowout, Administrasyon Federal Transpò, oswa Depatman Transpò New Jersey) pou ankèt ak tretman dapre pwosedi plent Tit VI ajans sa a. Plent kont SJTPO ka voye dirèkteman tou bay yon ajans federal. Si yon plent depoze nan yon ajans ki pa gen jiridiksyon sou baz espesifik diskriminasyon an, yo ap voye li bay ajans ki gen konpetans lan.

Plent ki depoze kont soubenefisyè yo, konsiltan yo ak antreprenèt SJTPO yo pral sijè a yon ankèt dirèk pa Òganizasyon an, jan sa a:

- Nan 10 jou, kowòdinatè SJTPO Tit VI ki deziyen an ap rekonèt li resevwa plent lan bay moun ki pote plent lan, epi l ap avize ajans leta ak/oswa federal ki konsène a ke Òganizasyon an te resevwa yon plent Tit VI;
- Nan 60 jou, yon anplwaye SJTPO ap mennen epi konplete yon ankèt epi, dapre enfòmasyon yo jwenn nan, l ap bay yon rekòmandasyon kanta mezi ki pou pran nan yon rapò konklizyon yo bay Direktè Egzekitif SJTPO a. Rapò sa a ap gen ladan nati plent lan, reparasyon yo mande a, ak yon rezime konklizyonj ak aktivite ankèt yo. Yo ta dwe rezoud plent lan pa alamyab chak fwa sa posib. Yo pral rezime tantativ alamyab sa yo ak rezilta yo nan konklizyon rapò a;
- Nan 90 jou apre yo fin resevwa plent lan, yon anplwaye SJTPO ap avize moun ki pote plent lan alekri sou desizyon final yo pran an, ki gen ladan dispozisyon yo pwopoze pou rezoud pwoblèm nan. Notifikasyon an ap avize moun ki pote plent lan sou dwa apèl li genyen ak ajans leta ak federal yo, si li pa satisfè ak desizyon final SJTPO a te pran an.

SJTPO ap kenbe yon rejis tout plent Òganizasyon an resevwa.

Moun ki pote plent yo ka soumèt plent kont SJTPO, bay SJTPO a, oswa yo ka soumèt yo dirèkteman bay ajans federal sa yo:

Espesyalis Dwa Sivil

Administrasyon Otowout Federal – Divizyon New Jersey
840 Bear Tavern Road, Suite 202, West Trenton, NJ 08628
(609) 637-4200

Manadjè Tit VI

Depatman Transpò New Jersey
Divizyon Dwa Sivil/Aksyon Pozitif
P.O. Box 600, 1035 Parkway Avenue, Trenton, NJ 08625-0600
(609) 530-2336

Kowòdinatè Pwogram Tit VI

Administrasyon Federal Transpò Piblik
Biwo Dwa Sivil
East Building, 5th Floor – TCR, 1200 New Jersey Ave., SE, Washington, DC 20590
(202) 366-4043

Kowòdinatè Pwogram Tit VI

Administrasyon Otowout Federal la
Biwo Dwa Sivil yo
1200 New Jersey Avenue, SE 8th Floor, E81-314, Washington, DC 20590
(202) 366-0693

Depatman Jistis Etazini

Biwo Pwogram Jistis Biwo pou Dwa Sivil yo
810 7th Street, NW, Washington, DC 20531
(202) 307-0690